

Politik Asistans Finansye Pasyan

Rezime nan lagaj senp

Kòm yon pati nan misyon St Christopher bay konpasyon, aksesib, wo kalite ak pri-efikas swen sante nan kominote a, nou rekonèt ke kèk pasyan ak fanmi yo ka bezwen asistans finansye yo pou kouvri depans pou sèvis yo. Kidonk, St Christopher ofri asistans finansye a pasyan pou asire aksè a bonjan kalite swen sante pou tout moun.

Kalifikasyon ak Asistans nou ofri yo

Pasyan ki refize pwoteksyon Medicaid, oswa ki fè tès depistaj epi ki pa satisfè règleman Medicaid yo, pral konsidere pou pwogram Asistans Finansye St. Christopher a. Pasyan ak fanmi yo ki vle aplike pou asistans ka soumèt yon aplikasyon ak dokiman ki sipòte sa bay yon reprezantan sèvis finansye pasyan St. Christopher yo .

Yo mete ajou chak ane Gid Federal Povrete yo epi yo sèvi pou detèmine elijibilité pou Asistans Finansye Pasyan. Yo pral mande pasyan yo pou bay verifikasiyon revni kay ansanm ak non moun yo k ap viv nan kay la pandan pwosesis aplikasyon an. Yo itilize enfòmasyon sa a pou idantifye ki kote fwaye a tonbe nan Gid Nasyonal Povrete (FPL). Kategori FPL la ap detèmine kantite lajan yon pasyan ap peye pou yon bòdwo medikal. Pou pasyan ki pi wo pase 400% nan FPL la, to pou moun ki pa gen asirans lan aplike. To pou moun ki pa gen asirans la monte a 50% montan jeneral ki nan bodwo a e l ap aplike pandan premye pèman an.

Aplike pou Asistans Finansye Pasyan

Règleman aktyèl Asistans Finansye Pasyan an ak aplikasyon pou asistans finansye yo aksesib sou sit entènèt nou an nan <https://towerhealth.org/locations/st-christophers-hospital-children/billing/financial-assistance> Anplis sa, kopi enprime tout politik finansye pasyan an ak asistans epi ou ka jwenn aplikasyon gratis nan 215-427-8442.

Nou ankouraje pasyan yo pou yo kòmanse aplike pou asistans finansye pi bonè posib. Pi bonè St. Christopher vin okouran bezwen finansye a, se plis opòtinite pou nou konekte w avèk resous potansyèl tankou Medicaid ak lòt pwogram asistans oswa asirans. Pasyan yo ka mande konsiderasyon pou asistans finansye nan nenpòt moman pandan sikilasyon bòdwo ak koleksyon an.

Si w ta bezwen èd pou aplike, yon reprezantan sèvis finansye pasyan St. Christopher pral gide w nan pwosesis aplikasyon an. Tanpri vizite biwo Sèvis Pasyan nou an ki chita nan:

St. Christopher
160 E Erie Ave
Philadelphia, PA 19134

Ou ka kontakte nou tou lè w rele 215-427-8442.